

Aksyon Ijan kont COVID: Yon Semèn Ansèyman sou Entènèt, Elèv ki nan Rezidans yo pou Konfine-sou-Plas

20 fevriye 2021

Chè Kominote Kanpis,

Apati jodi a, Inivèsite Maryland ap aplike entèkansyon ijan pou diminye pwopagasyon COVID-19 la sou kanpis nou an:

- Tout elèv k ap viv nan rezidans inivèsite yo ak nan lojman fratènite ak asosyasyon fi yo sou kanpis la dwe rete konfine sou plas, apati 12:00 jodi a.
- Tout elèv k ap viv andeyò kanpis nan gran rejyon College Park ankouraje pou rete lakay otan sa posib ak limite aktivite ou yo.
- Tout ansèyman an pèsòn yo pou kou lisans ak metriz yo ap pase kòm ansèyman sou entènèt apati lendi 22 fevriye.
- Aktivite rechèch laboratwa apwouve, deja an operasyon nan 50% kapasite yo epi avèk bon prekosyon nan mete mask ak kenbe distans, ka kontinye jan sa pwograme.

Mezi sa yo pral anvigè pandan omwen yon semèn, rive samdi 27 fevriye.

[Nan kòmansman semèn sa a](#), nou te enfòmè w sou ogmantasyon nan ka COVID-19 yo nan kominote nou an epi te pran mezi pou bese pwopagasyon viris la. Depi lè a, nou te gen plis ogmantasyon nan ka sa yo. Apre ogmantasyon sa a, responsab sante inivèsite a ak Komite Egzekitif Jesyon Maladi Kontajye sou Kanpis la te rekòmande aksyon sa yo.

Nan kad direktiv konfiske-sou-plas la, tout elèv k ap viv nan rezidans inivèsite yo resevwa enstriksyon pou rete nan rezidans inivèsite ou epi nan chanm ou otan sa posib. Egzijans pou tout sitwayen sou kanpis la teste de fwa pa mwa rete anvigè; Sendika Elèv Stamp ap rete ouvri sèlman pou tès COVID ak pase pran manje. Enstalasyon RecWell yo ap fèmen. Elèv yo ka ale deyò pou pran lè nan zòn ki toupre rezidans yo a epi pou pase pran manje nan salamanje yo.

Sèlman elèv anlwaye yo k ap travay nan Resident Life, Enstalasyon Rezidansyèl, Sèvis Manje ak Tès nan Stamp ki otorize pou vini travay - piske sa yo se operasyon esansyèl pou kenbe kanpis la ouvri, tout sa pandan y ap kontinye mete bon mask ak kenbe omwen 6 pye distans de lòt yo.

Sal Wicomico a te ouvri pou ajoute kapasite izòlman pou ka pozitif yo ak lòt espas pral ouvri jan sa nesesè.

Rete Vijilan 4 Maryland

Nou te atenn yon pwen kritik nan batay kont pwopagasyon COVID-19 la epi nou tout gen yon responsab pou kenbe kominote nou an ak vwazen nou yo an sekirite. Li obligatwa pou tout sitwayen sou kanpis la respekte pwotokòl 4 Maryland yo ak nouvo entèkansyon sa yo.

Lè w pa respekte pwotokòl sekirite sa yo, sa pral gen yon gwo konsekans pou tout manm nan kominote nou an. N ap siyale elèv yo ki pa respekte mezi sa yo bay Biwo Konduit Elèv epi yo pral fè fas ak konsekans grav, sa ki gen ladan sispansyon ak ekspilasyon. Nou tou gen yon responsabiltè pou kenbe kominote nou an sekirite. Si ou temwen konpòtman ki ta ka mete kominote nou andanje, tanpri enfòmè Inivèsite a lè w soumèt preyokipasyon yo bay [sitwèb sou etik, konfòmite ak entegrite](#) a.

Nou bezwen èd ou pou ranvèsè monte nan ka pozitif yo. Swa w ap viv sou kanpis la oswa deyò li, pratike [pwotokòl 4 Maryland yo](#). Evite rasanbleman sou kanpis la ak deyò li. Rete nan chanm ou otan sa posib. Mezi prevantif sa yo reprezante pi bon defans nou kont viris la ak pi bon estrateji nou pou pwoteje zanmi ak kolèg nou yo kont plis pwopagasyon.

An final, n ap raple w pou respekte règ sekirite COVID-19 nou yo toutan. Menm si ou te teste negatif dènyèmman, tès ou a sèlman montre yon moman. Ou ka toujou vin enfekte epi pwopaje viris la bay lòt apre ou fin kite sit tès la oswa ou ka deja enfekte epi li ka twò bonè nan pwosesis la pou tès la detekte enfeksyon an. Pa bese gad ou.

Nou rekonèt enpak twoublan COVID-19 la genyen sou sante mantal kominote nou an. Si ou bezwen asistans, [Sant Konsèy](#) la kapab bay sipò.

Nan jou k ap vini yo, n ap kontinye itilize done yo pou enfòmè desizyon nou ak evalyasyon sitiyasyon nouvo mezi sa yo. Tanpri rete vijilan!

Sensèman,

Darryll J. Pines

Prezidan

Spyridon S. Marinopoulos, MD, FACP

Direktè, Sant Sante Inivèsite a